



# Pran Swen Timoun ki Gen Zo Frajil

*Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.*

## **Ki sa zo frajil ye?**

Pitit ou a ka devlope zo frajil, ke pafwa yo rele dansite zo ki ba oswa osteopeni, lè fòs oswa dansite zo yo pi ba pase nòmal la. Zo frajil yo ka fasil kase oswa fraktire si yo pa manyen yo ak prekosyon. Tibebe ki fèt twò bonè ak timoun ki sou nitrasyon pa venn (oswa pa tib) gen plis risk pou yo devlope zo frajil poutèt mank kalsyòm ke kò a absòbe.

## **Kisa n ap fè pou pwoteje pitit ou a ki gen zo frajil kont frakti?**

Si pitit ou a gen zo frajil, ekip swen li a ap kwoke yon pankat anlè kabann li a ki di "Mwen gen zo frajil. Tanpri manyen m ak prekosyon." pou raple founisè swen yo ak vizitè yo. Ekip swen pitit ou a pral sèvi ak metòd pwoteksyon espesifik pandan pozisyonman, bay manje, chanje kouchèt, abiye, netwaye, kenbe, ak deplase pitit ou a. Yo ka bay pitit ou a medikaman tou ki ede kò li absòbe kalsyòm pou ranfòse zo yo.

## **Kisa w ka fè pou pwoteje pitit ou a ki gen zo frajil kont frakti ?**

Pou pwoteje pitit ou a ki gen zo frajil kont fraktire/kase, toujou sèvi ak mouvman ki dousman lè w ap aji avèk yo. Ekip swen pitit ou a pral revize etap ak mouvman ou ka fè pou kenbe, chanje pozisyon, bay manje, netwaye, abiye ak chanje kouchèt pitit ou an san danje. Evite leve pitit ou a pa bra li, janm li, pwatrin li, ak anba bra li. Lè w ap bay pitit ou a manje, asire w ke li nan yon pozisyon plat epi pou fè l rann gaz tape do li dousman. Gen de opsyon pou leve epi kenbe pitit ou a an sekirite sa ki gen ladan yo:

- Opsyon 1: Kenbe sou zepòl
  - Panche sou pitit ou a pou zepòl ou touche anwo pwatrin li.
  - Glise yon men anba tèt ak anwo kò pitit ou a.
  - Glise lòt men ou anba dèyè li.
  - Leve pitit ou a nan direksyon zepòl ou pandan w kanpe.
- Opsyon 2: Kenbe dousman
  - Gaye dwèt ou epi mete yon men anba tèt pitit ou a ak anwo kò li.
  - Gaye dwèt ou epi mete lòt men ou anba dèyè pitit ou a.
  - Sèvi ak avanbra w pou sipòte bra ak janm pitit ou a pandan w ap panche sou pitit ou a epi leve li dousman vin sou pwatrin ou.

**Fè ekip swen pitit ou a konnen si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan pran swen oswa manyen pitit ou a ki gen zo frajil.**